# ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS



Copyright ANGP

www.angp-hb.co.za

info@angp.co.za

# THE HEART OF MAN—IN BHOJPUR

# आदमी के हिरदया

Copyright ANGP

**COPYRIGHT**

**ISBN 0 - 908367 - 66 - X**

**ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS**
**P.O. BOX 2191, PRETORIA, 0001, R.S.A.**
(A Gospel Literature Mission financed by donations)
(Reg. No. 1961/001798/08)

जे केहु पाप करे ला, ऊ व्यवस्था के विरोध करे ला; आउर पाप त व्यवस्था के विरोध हइये ह।

❀ ❀ ❀

आउर तोहरा लोग का मालूमे बा कि, ऊ एही खातिर परगट भईल रहस जेमे कि ऊ पाप के हर ले जास; आऊर उनका सुभाव में पाप नइखे।

❀ ❀ ❀

जे केहु पाप करेला ऊ ऊनका के नईखे देखले आऊर ना ऊनका के समझिये सकल बा, काहे कि ऊनका साथ रहेवाला आदमी कभी पाप ना कर सके।

❀ ❀ ❀

ये लड़िकन लोग केहु के बहकवला में मत अईह; जे धरम के काम करेला; उहे ओकरा अईसन धरमी होला।

❀ ❀ ❀

जे केहु पाप करे ला ऊ सैतान के ओर होला, काहे कि सैतान शुरुए से पाप करत आईलबा; परमेसवर के पुत्र एही खातिर परगट भईलन कि पाप के नास करस।

❀ ❀ ❀

जे केहु परमेसवर से जनमल बा ऊ पाप ना करे; काहेकि उनकर अंस ओकरा में रहेला; आउर ओकरा से पाप होईये ना सके, काहे कि ऊ परमेसवर से जनमल बाटे।

❀ ❀ ❀

एही तरे परमेसवर के सनतान, आउर सैतान के सनतान जानल जाला; जे केहु धरम के काम ना करे ऊ परमेसवर से नईखे भईल, आउर उहो जे अपना भाई से प्रेम ना करे।

युहन्ना ३ : ४—१०।

Copyright ANGP

# आदमी के हिरदया

## ईया आतमिक हिरदया के दरपन (मन दरपन)

(दस तस्वीर में उपमा के साथे बेयान)

ई किताब अपना तस्वीर के सहित १७३२ ईस्वी में फरान्स देस में छपल रहे। ई "आतमिक हिरदया के दरपन" अथवा "मन के किताब" कहाला, ई किताब धरम सासतर के सचाई वाला बात बतावे के कारन बहुत उपकार के चीझ समझल गईल बा, आउर एही से बिलायत के हर भासा में ई किताब चल गईल बाटे। सब तरह के लोग ई किताब के पढ़त बाटे।

ई छोट चुके किताब अफेरिका देस के लोग के जिनगी, सोच बिचार, रहन चाल के ढंग पर बनावल गईल बाटे; आउर बहुत सा अफिरिकी भाषा में छापल गईल बाटे। जेह से ई किताब अफेरिका के हर घर में आउर हर आदमी के दिल में जगह बना लेले बा। ई किताब के पढ़के लोग का मन में परमेसवर के दीहल पुरनका नियम के परतिज्ञा पर विसवास हो गईल बा "कि हम तोहरा के नया मन देब, आउर तोहरा काया में नया आतमा पैदा क देब" जौन बात कि नया नियम में पूरा भईल बाटे (यहेज० ३६:२६; ईब्रियों० ८:१०)।

Copyright ANGP

# आदमी के हिरदया (मन)

## परमेसवर के मन्दिल ह कि सैतान के कारखाना

(१ युहन्ना ३:४--१०)

ई कोनो नया किताब नईखे। ई पहिले बेर फराम्स देस में २०० बरिस अगाड़ी छपल रहे। एकरा के पढ़ला से हजारों आदमी के बहुत बहुत आसिरबाद ईसवर से मिलल। ई मन के ऐनक अईसन काम में आवेला जेकरा में लोग अपना आतमा के परछाहीं ठीक ओइसने देखेला जईसन की परमेसवर ओकरा के अपना आंख से देखता। बहुत सा लोग ई किताब के पन्ना पर अपना पापी मन के तस्वीर देख के ओही बेरा से पछतावा में पड़ गईल, आउर परमेसवर ओह लोग के नया मन देलन और ओकरा में नया आतमा के भी बसवलन।

रउरा जब कभीं ई किताब के पढ़े लागीं त मेहरबानी से एतना ईयाद राखीं कि ई रउरा मन के दरपन ह, एकरा में अपना मन के हाल देख सकिले चाहे रौरा मसीही होई या दूसरा धरम के होई, बिसवासी तोई ईया अपना से फिरगईल होखीं; रउरा अपना मन के तस्बीर एकरा में ओईसने देखब जईसन कि परमेसवर देखता। परमेसवर पछपात ना करे, ऊ आदमी के मन देखला।

शैतान दुनियाँ भर के झूठ के जनमदाता ह, अंधकार के अगुआ ह आउर एह दुनियां में लोग ओकरा के ईसवरे समझ लेला, काहे कि ऊ छल से आपन रूप बदल के ईसवर के दूत अईसन बन जाला राउर बहुतसा लोग ओकरा रूप के बखान ईसवर का दूते अईसन करे लागेला। बाकि जब एह सैतान के असली रूप केहु अईसन लोग के देखा देला जे ओकरा के ईसवर के

दूत समझले बाड़न, त ई लोग का मन पर बड़ा भारी ठेस लागेला। आजोकाल पहिलही जमाना अईसन बहुत सा झुट्ठा लोग पैगम्बर आउर ईसवर के सेवक बन गईल बाड़न। ईलोग अपना के खिृष्ट के चेला अइसन बना लेला। एहमें कोनो अचरज के बात नईखे, काहे कि सैतानो त आपन भेष भूसा बदल कें ईसवर के दूत बन गईल बाटे। (२ करि० ११,१३,१४)। सैतान जेकरा के लोग दुनियां में ईसवर समझेला लोग के मन आउर आँख से अन्धा बना देला, जैसे लोग परमेसवर से प्रेम महिमा आउर शक्ति के ना देख सके, आउर ना ऊ लोग आपन उद्धार करेवाला प्रभु मसीह के देख सके (२ करि० ४:४) सब पापी आउर अविसवासी लोग परमेसवर खातिर मृतक और अंधा के समान बाड़न। अईसन लोग के जबतक आंख खोल के उनकर उल्टा रस्ता नईखे बतावल जात तबतक ऊलोग खूब तेजी से अनंत सतेआनस् के ओर भाग के पहुंच जाई। काहेकि, अईसन लोग के कपार पर एह संसार के ईसवर (सैतान) बईठल बाटे। जे ई बात कहेला कि 'हमरा में पाप नईखे' ऊ अपना के धोखा देला।

जे घड़ी रउर ई किताब के पढ़तानी आउर एकरा मेके तस्वीर देखतानी ओह घड़ी रउरा अपना आँख से अपने आपन हिरदया के एह तस्वीर में देख सकीले। ईसवर के ढूंढ़े वाली रोसनी के रउरा अपना मन के देखावे दीं। देखलेला पर अपना पाप के मानीं, आउर ई कहके मत टारी की हमरा में कौनो पाप नईखे, काहे कि ईसवर के बचन के मोताबिक "अगर केहु कहेला कि ओकरा में एकदम पाप नईखे त ऊ आदमी अपना के धोखा देला, आउर ओकरा में सचाई नईखे," आउर अगर हम अपना पाप के मान ले तानी त परमातमा हमरा पाप के क्षमा क सकेला आउर हमरा के सब अधरम से शुद्ध क सकेला काहे कि परमातमा विसवासी और धरमी है" (१ युहन्न १:१-१०)। परमेसवर के पुत्र, योसु मसीह, के लोहू हमनी के सब पाप से सुद्ध क देला।

रउरा पर चाहे त परमेसर ना त सैतान राज का सकेला। चाहे त रउरा पाप के गुलाम बानी ईया परमेसवर के दास। अगर रउरा जिनगी में पाप के जोर बा त रउरा ऊ सब के मानलेवे में इनकार मत करीं। सब से बढ़ के रउरा परमेसवर के दोहाई दीं जे रउरा के यीसु मसीह के द्वारा आजाद करे के तैयार बा। यीसु मसीह दुनियां में एही खातिर अईलन कि ऊ पापी लोग के बचावस, आउर हमनी के ऊपर से पाप आउर सैतान के जोर हटादेस। ऊहे हमनी के छुटकारा बाड़न। परमेसवर के आंख हमनी के सब कोई के देख ता, ऊ हमनी सब बात देखत रहेला, हमनी के सोच विचार और उ सब चीझ जेकरा के हमनी का छिपा के करे के चाही ले। ऊ हमनी के जिनगी के सब काम के लेखा रखले जाता। रउरा खातिर परमेसवर से आपन मन और करम के छिपाना बहुत कठिन बात बा, रउरा ओकरा से कुछ भी छिपा के ना क सकीं। काहे कि जे रउरा के कान देले बा ऊ अपने बहिर न रह सके आउर जे रउरा के आंख देल बा ऊ अपने अन्धा न हो सके।

"देख, यहोवा के नजर सारी पृथ्वी पर यही खातिर घुमत रहेला कि देखे केकर मन ओकरा ओर लागल बा आउर ऊ ओकर सहायता क के आपन सामरथ देखावे।" (२ इति १६:९) काहे कि ईसवर के आंख आदमी के चाल चलन पर लागल रहेला, आउर ऊ आदमी के सब रहन सहन देखत रहेला। ओकरा खातिर अइसन अंधार कहीं नईखे जहँवा कुकरमी लोग छिप सके। (अयुब ३४:२१,२२) "मगर यीसु अपना के ऊ लोग के भरोसा पर ना छोड़लन काहे कि ऊ सब लोग के जानत रहस।" (युहन्ना २:२४) एही से "केतना धन भाग बा ऊ लोग के जेकर अपराध क्षमा का देल गईल होखे, अउर जेकर पाप छिपा देल गईल होखे। केतना धन ऊ लोग बाटे जेकरा अधरम के लेखा यहोवा ना लीहें, आउर जेकरा आतमा में कपट नइखे" (भजन संहिता ३२:१,२। (भजन संहिता ५१)। यीसु आज आऊर एहू घड़ी भी बोलावताड़न। "ए परिसरम (मेहनत

करे वाला) करेवाला लोग आउर बोझा से दबाईल लोग हमरा लगे आव, हम तोहरा के आराम देब"। ( मत्ती ११ : २८, ३० )

## —तस्वीर के बुझाव—


### तस्वीर पहिला

ई तस्वीर वोह दुनियावी लोग, जेकर नया जन्म नईखे भईल ओकरा हिरदया के देखावता। बाईबल धरम पुस्तक के मोताबिक एकर वरनन कईल गईल बाटे। मतलब कि ओह लोग के हिरदया जेकरा भीतर संसारी आतमा राज कर ता, आउर जे से कि ऊ इच्छा कामना आउर संसार के भोग-विलास के परभुता खातिर बेचैन रह ता। ईहे असली तस्वीर बा ओकरा हिरदया के ठीक जैसन परमातमा ओकरा मन के देखता ई नसा से चूर लाल लाल आंख मतवालापन के बतावता जैसन कि नीति बचन २३ : २९, २३ में बरनन कईल गईल बाटे। के हाय हाय करेला ? के झगड़ा रगड़ा में पड़ेला ? केकर आंख लाल हो जाला ? ऊहे जे दारू सराब देरी तक पिअत रहेला आऊर चटकार मरिच मसाला वाला दाख मधु खोजे जाला। जब दाख मधु लाल देखाई दे, अउर कटोरा में ओकर रंग सुंदर लोके, आउर जब ऊ धार के साथ ढारल जाये, ओह घड़ी ओकरा ओर मत तकिह। काहे कि ऊ अंत में तोहरा के करैत सांप बन के डसी, तोहार नजर बदल दी, तूं अजब गजब चीझ देखे लगब, दूसरा के स्त्री पर नजर लगावे लगब, उलटा पलटा सोचे समझे आउर बोले लगबा।

तस्वीर में कपार के नीचे आदमी के हिरदया लोक ता जेकरा भीतर केतना तरह के जियाजंत खर केले बैठल बाड़न। ई सब आदमी के मन में रहेवाला किसिम किसिम के पाप देखावताड़न। काहे कि पाप के रहे के जगह आदमी के हिरदये ह। परमेसवर यरमियाह नबी के दोआरा हमनी बतावता कि मने सब चीझ से बेसी धोखा देबे बाल ह. ओकरा मेंके असाध

Copyright ANGR

रोग के भेद के जान सकेला ? "( यरमियाह १७, ६ )। योसु अपने भी ई बात के कहले बाड़न कि "भितरे से (मतलब आदमी के हिरदया) से बुरा बिचार, छोरी-छिनारी, हतेयारी, लालच, बदनामी, छल, लुच्चापन, निन्दा




चित्र न० १—पापी आदमी के हिरदया

घमंड, मुरुखता और बुरा नजर ( पैदा होला ) निकलेला। सब खराब बात भोतरे से निकलेला आउर आदमी के असुद्ध करेला। ( मरकुस ७: २१, २३)

(१) मोर-पंछी — मोर पंछी के खपसुरती के सब केहु बड़ाई करेला, बा कि ई आदमी के मन के गरब, घमंड के देखावता। ई घमंड वाला पाप जे आदमी का मन में रहेला ओकरे चिन्हासी समझल गईल बा। लुसिफर एक समय भोर के चमके वाला तारा रहे, सरापित कुरूब परमेसवर के मसाल ढोवे वाला परमेसवर के सरगदूत रहे, जे कि घमंड के कारण पतित हो के गिर गईल आउर एह तरह से परमेसवर के दुसमन इबलीस सैतान बन गईल। (यसायह १४:६-१७; यहेजकियेल २८:१२-१७)।

घमंड नरक के खोह में से ले आवे ला, आउर अपना के बहुत छल से परगट करेला। केतना लोग अपना धन-दौलत पर अपना गेआन के बड़ाई पर, घमंड करेला; अपना फैसनदार कपड़ालत्ता पर, ऐसन कि जेकरा से उन-कर देह बेसरमी के साथे देखाई पड़े। अपना झनकत गहना, चूड़ी, अंगूठी सब पर घमड करेली लोग जेकर कि यसायह ३:१७-२४ में खूब अच्छा से बर्नन कईल गईल बाटे। कुछ लोग अपना देस, अपना रहन-सहन चाल-चलन, खेलतमासा अईसन चीझ पर घमंड करेला। आउर ई बात के भूला जाला कि "परमेसवर घमंडी लोग के ना पसंद करे और दीनता पर दया करे ला" (पतरस ५:५) परमेसवर घमंडी मुंहजोर लोग से घीन करेला (नीति बचन ८:१३)। "नास होखे का पहिले आदमी का धमंड हो जाला आउर घमंड भइला पर आदमी ठोकर खाला (नीति बचन १६:१८)।

(२) बकरा — ई एगो सड़ाईन गमक वाला लम्पट-जानवर ह—ई आदमी के बे विचार, जैसे, पर तिरिया से भोग विलास अईन सब बात बतावता। बेचार वाला पाप आजकल के दिन में एतना बढ़ गईल बा कि हमनी का २००० बरिस यीसु मसीह के जनम के पहिले वाला दिन, जेकरा बारे में प्रभु यीसु मसीह कहले बाड़न कि, "ई दुनियां के आखिरी समय सदोम आउर गमोरा के दिन अइसन होई"। ई बचन के सचाई आज हमनी का खुलासा देखे में आवता। ई बुराई वाला मन खाली दुनियां दारे लोग के नईखे धईले, आज काल ई धरमी लोग के भी पकड़ लेलेबा आउर धरम अस-

थान में, स्कूल, बोर्डींग अईसन जगह में भी समा गइल बाटे। ई खराब आतमा आदमी का मन में सैतान के चलाकी से घुसेला। सैतान, ई बुराई के, नाटक, बाइसकोप, वासना वाली बात लिखल एकबार किताब वगैरह पढ़ा के आदमी का मन में घुसा देला। जेकरा कारन आदमी अईसन सब वासना बे विचार वाला काम करे लागेला जे परमेसवर के नजर में पाप कहाला। मगर दुनियां के लोग आजकल एही सब बात धरम आउर फैसन मान के चलता। लाखों जवान लड़िका लड़की अपना जिनगी के विचार सिनेमा, उपन्यास, नाटक देख के बना ले ताड़न। जे करा कारन से ऊ लोग आगे चलके दुःख सरम आउर सोक-संताप में पड़ जाला। बिगड़ल सुभाव और चाल-चलन वाला खेलाड़ी जे लोग के बहुल-विलाईत जिनगी बितावेले उहे आजकाल के कच्चा उमिर के लड़िका लड़की लोग के हिरो हिरोईन बनल बाड़न नाच घर हमेसा से कुचाल और कुकरम के अड्डा रहल बा। परमेसवर के बहादुर भगत, जैसे; युसुफ (उतपत्ति ३९) वगैरह अब लोग खातिर कौनो चीझ नइखन रह गईल। पुरान समय के अनपढ़ जुलू ईया दूसरा धरम के लोग जे कि पापी आउर पापिन सब के मार घालत रहे, आज काल के नया जमाना के लोग के खूब अच्छा से उपदेस दे सकेलन। आउर उहे लोग नेयाय होखे वाला दिन हमनी के बिरोध में खड़ा होके हमनी के दोसी ठहरा सक ताड़न। परमेसवर हमनी से कह ताड़न कि हमनी का बे लिचार (पर स्त्री से भोग) ना करे के चांही बल्के ओकरा से दूर भागे के चांही। "बे विचार से बच के रहः आउर सब पाप आदमी का देह के बाहर रहे ला, मगर बे बिचार करे वाला अपने देह के विरोध में पाप करेला। का तोहनी के मालूम नईखे कि तोहरा देह पवित्तर आतमा, के मन्दिल ह जोन कि तोहरा में बास कर ता आउर जे तोहरा के परमेसवर देले बा, आऊर कि तूं परमेसवर के बनावल जीव हव ? (१ करि ६:१८,१९)। अगर केहु परमेसवर के मन्दिल के नासी त परमेसवर ओकरो के नास कदी; काहे कि परमेसवर के मन्दिल पबित्तर चीझ ह, आउर ऊ तोहरा सरीर ह। (१ करि ३:१७)।

(३) सूग्रर—पियक्कड़पना आउर पेटूपन के पाप के देखावता। ई एगो गन्दा जानवर ह जे कि राह में मिलेला, सुद्ध चाहे असुद्ध ओकरा के खा जाला। असहीं एगो पापी मन भी गन्दा एसारा, सुझाव बोल-चाल, पोथी-किताब जे पावे ला ग्रोकरा के पढ़े सुने समझे आउर करे लागे ला। ई देह—जेकर उदेस जिवता परमेसवर के मन्दिल बने के बा, ओकरा के लोग असुद्ध भोजन पान जैसे बीड़ी, सिग्रेट, पान, तमाकू, ग्रफीम, चरस ग्राउर दूसर दूसर निसावाला बेजाय दबाई खाएके ग्रादत लगा के बिगाड़ लेला लोग। तमाकू ग्राउर ग्रफीम के आदत लोग में ग्रईसन फईल गईल बा जैसन कबहीं ना रहे। अईसन लोग के आदत जे तमाकू के मारल गुलाम भ गईल बाड़न ग्रोकरा के अब परमेसवर के सक्ति छोड़ा सकेला। बहुत सा सोच विचार वाला धरमी लोग गिरजा घर में तमाकू पिये के हिम्मत ना करे। सोचे ला लोग कि एह से उनकर पवित्तर जगह ग्रसुद्ध हो जाई। तबहूँ ऊ लोग का अईसन सड़ल चीज से ग्रापन काया के, जे खुद परमेसवर के मन्दिल ह असुद्ध करे में लाज न लागे। संत पावल के कहल बा कि "का तूं नईख जानत, कि तूं परमेसवर के मन्दिल हव ग्राउर परमेसवर के आतमा तोहरा में बाउ करता? (१ करि. ३ : १६, १७; ६ : १८, १९)।

पेटू ग्रादमी के देख के भी परमेसवर के ग्रांख में घीन बरेला। हमनी का जिये खातिर खाईले, खाहीं खातीर हमनी का नईखीं जियत। निमन भोजन खईला पर पेट तिरपित हो जाला, बाकी जीभ त चटोरह, ऊ हरदम ग्राउर ग्राउर चटक चीझ खोजत रहेला। बहकल मन वाला का कबहीं संतोष ना होखे, ऊ कबहीं तिरपीत ना हो सके। एही से पुराना नियम के मोताबिक पेटू ग्राउर मतवाला लोग के पथरवाह करे के बात लिखल बा (व्यवस्था विवरण २१ : १८ २१)। "पियक्कड़ ग्राउर पेटू लोग आपन भाग अपने खारब करे ला। पिये वाला लोग का चेथरा पहिरे के परेला ग्राउर उड़ाऊ लोग के साथी अपना बाप के मुँह में करिखा लगावे ला"। (नीति बचन २३ : २१; २८ : ७)। रउरा ऊ घनिक आदमी के इयाद

Copyright ANGP

करीं जे पेट् खाऊ, और भोग विलास के गुलाम रहे आउर जब ऊ मरके नरक में गईल त आपन आँख खोललस ओह घड़ी ऊ घोर पीड़ा में रहे। नीसा के चीझ पिट खाये से जे नोकसान होबा ऊ सब लोग का मालूम बा। ई बात लोग के एतना बेर कहल गईल बात के झुठा ना सके। परमेसवर अपना बचन में साफ बतावतां कि कौनो पियक्कड़ परमेसवर का राज के अधिकारी ना हो सके। जे लोग कि दारू बनावेला आउर वेचे ला परनेसवर के सामने कम दोसी ना ठहरे ला। काहे कि परमेसवर केहलवा कि "हाय, ओकरा पर जे दाख मधु पिये में हातिम आउर दारू के खूब नसीला बनावे में बहादुरी देखावे ला लोग" (यसायाह ५ : २२)। "हाय ओकरा पर जे अपना परोसिया के दारू पिआवेला, ओकरा के मतवाला बना के लंगटे देखेला" (हबक्कक २ : १५)। ओह लोग का भोज-भात के समय तबला सरंगी बँसूरी खँजड़ी दारू सराब ई सब चीझ पावल जाला, बाकी ऊ लोग यहोवा के ओर आँख फेर के ना देखे आउर ओकरा हाथ के काम का ओर भी ना ताके (यसायाह ५ : १२)।" का तू लोग नईख जानत कि बेंमान लोग परमेसवर के राज के भागी ना हो सकी हैं? धोखा मत खा लोगन; बेसबा से भोग करेवाला लोग, मुरती पूजेवाला लोग आउर पराई तिरिया ईया पराया मरद से भोग करे वाला या वाली, लोभी, पियक्कड़, गारो-गरौज करे वाला, रहजनी मचावे वाला लोग कभी परमेसवर के राज के वारिस ना होई" (१ करि, ६ : ९, १०)।

दुनियाबी पाप के चिन्ह में भूल ना होखे। ओह सब में कुछ एक नांव दीहल जाता : अपना स्त्री पुरुष के छोड़ के दूसरा से प्रेम करना, असुद्ध चाल-चलन, निरलज्जता, मुरती पूजा, जादुगरी, झगरा, बैर-विरोध, जलन, ईरखा, खीस, उतावलापन, अधीरजपना, हिंसका, हिंसकी, मतवालापन, रास-रंग और एही तरह के बहुत सा बात दुनियावी पाप में गिनल जाला। एह किसीम के पाप करनिहार के कभी परमातमा के राज में जगह ना मिली (गलातियों ५ : १९-२१)। "दारू पीके मतवाला मत बन, एकरा से आदमी लुच्चई करे लागेला, अपना आतमा के जगाव" (इफि. ५ : १८)।

यीसु पियासल लोग के ई कहके नेवता दे ताड़न कि "अगर कोई पियासल होखे त हमरा पास आके पीए (जनगी के पानी बिना पैसा के पिये) (युहन्ना ७:३७-३८) हे सब पियासल लोग पानी के लगे आव, आउर जेकरा लगे पईसा नईखे उहो आवे आके खाये पिये! दाख मधु आउर दूध सब ईहां बे मोल के मिली, लेल लोगन (यशा० ५५:१)। जे केहु ओह पानी में से पीही जे हम ओकरा के देब, ओकरा फेर अंत काल तक पियास ना लागी, बलके जौन पानी हम ओकरा के देब, ऊ ओह आदमी के भीतर जाके एगो सोता बन जाई जे अनंत काल तक उमड़ उमड़ के बहत रही (युहन्ना ४:१४)।

(४) कछुवा—आलस, टार मटोर, भूत सिद्धी, टोना टोटकापन के बतावता। आसली लोग सोचते सोचते मर जाला, काहे कि ऊ लोग के हाथ काम करेके कबहीं ना चाहे। केहु केहु अईसनो होला जे खाली मन के लड्डू खात रहे ला रात दिन (नीति बचन २१:२५,२६)। यहोसु का ईसराईली लोग से ई बात कहे के परल "ई देस के अपना बस में करे खातिर आलसी लोग अपना आलस छोड़ दे"। आदमी का सुभाव में विषय-बासना अईसन भरल बा कि ऊ जल्दी से परमेसवर के चीझ के ना देख सके। यीसु कहलन, "एसारा क दुआर से भीतर आवे के कोशिश कर" (लूक १३:१४)। "खोज त पईब"। "सगर राज पर हमेशा जोर होत होत रहल बा आउर जे बलवान होला से छीन लेला" (मत्ती ११:१२)।

आलस आतमा की आउर उद्धार का वारे में भईला पर आदमी के विनास के ओर ले जाला। आलस आदमी के पराथना करे, परमेसवर के गूढ़ गूढ़ बात के ढूढ़े से, परमेसवर के, असीस वाला परतिज्ञा के अपनावे से, जेकरा में सबसे बेसी असिरवाद मिले के बा, रोकै ला आउर आदमी विनास के ओर उलटल चल जाला। जब परमेसवर रउरा से बात करेलन आउर कहेलन कि 'तू अपना मन हमारा के दे द' त सैतान रउरा मन में

Copyright ANGP

उठ के कहेला कि 'आज ना, ई काम दोसरा दिन हो सकेला', मगर हाय, हो सकेला कि ऊ काल्ह या दूसर दीन कबहीं ना आवे, आउर आदमी बिना उद्धार पवल हीं मर जाये। परमेसवर कहता कि अगर आज तोहरा ओकर पूकार सुनाई पड़े त तूं अपना मन के कठोर मत कर" (इब्रीय ३:७–८)। उद्धार के बात काल्ह खातिर टारे वाला केतना लोग नास भ गईलन उनका खातिर काल्ह ईया दूसर कौनो सहुलियत के बेरा ना मिल सकल।

कछुआ के ऊपर का ठटरी जादु टोना करे वाला लोग काम में लेआवेला आउर कछुवा के हड्डी से ओझा लोग भविष वानी, भूत के सिद्धी और भूत पर विसवास करे के सिखावेला लोग, खास के बिमारी, मुसीबत शोक संताप आउर अईसन बेरा पर जब कि हमनी का परमेसवर के इयाद करे के चाहीं जे हरदम मदद करे के तैयार रहेला। एकरा बदला में हमनी का भाग पर भी विश्वास कर सकीले काहे कि "सब के गति यहोवा के ओर से लिख दीहल गईल बा (भजन सं० ३७:२३)। "काहे कि बढ़ती ना त पूरब से ना पच्छिम से आउर ना जंगले के ओर से आवेला, वल्कें सब जे कुछ होला परमेसवर के नेआय से हीं होला" (भजन सं० ७५:६, ७)। परमेसवर ईसरायली लोग के ई कहके हुकुम देले रहस कि "तोहरा लोग केहु अपना लड़िकन के हुमाद करेवाला, तंतर मंतर, जादू, ओझा, डाईन, बावाजी के साईत महुरत, पर विसवास मत करे दीह, आउर ना अईसन बने दीह, काहे कि अईसन काम करेवाला सब लोग से यहोवा घीन करेला" (व्यवस्था वि० १८:१०-१२)। "कुत्ता, टोनहा, वेबिचोरी आउर हतेयार, मुरती पूजक आउर झूठा हर आदमी बाहर रखल जाई' (प्रकाशित वाक्य २२: १५)। तोहरा लोग का भूत के ओर, ईया भाग बतावे वाला ईया ओकरा पर विसवास करे वाला के ओर इया पाप करे खातिर आउर उनका लोग से असुद्ध होखे खातिर ना देखे के चाहीं ना साथे रहे के चाहीं "हम तोहरा परमेसवर यहोवा हईं (लै० व्यवस्था १९:३१)। जब लोग तोहरा के बुदबुदाये आउर फुसर फुसुर करेवाला ओझा से कुछ पूछे के कहे त तूं ई

Copyright ANGP

ई कहिह कि का परजा का अपना परमेसवर से जाके ना पूछे के चाहीं ? जियता के बारे में का मुरदा से पूछल जायज बुझा ता ? अईसन लोग के लगे खालि परमेसवर के नियम आउर चेतवनी के चरचा कईल करीह। अगर ऊ लोग परमेसवर के बचन के मोताबिक ना बोले त ठीक जानह कि उनका लोग खातिर बिहान ना होई। (यसायह ८:१६-२०)।

जे घड़ी रउरा ई छोटा किताब पढ़तानी, ओह घड़ी परमेसवर रउर से बात चित करता आउर रउरा के अपना ओर बोलावता कि रउरा अपना पापी जिनगी के ओकरा पर अर्पन क दीं; बाकि कछुआ के आतमा जे रउरा भीतर बैठल बा उ रउरा के हर तरह के बहाना सुझावता कि रउरा अइसन ना करीं आउर अपना फैसला के टारत जाईं—एहरते ऊ रउरा मन में डर भरत जाता; कि "जब हम मसीही बन जायेब त हमार यार-दोस्त, हित-नाता, आउर दुनियां का कही ? का कही दुनियां अगर हम भोज भात, नाचरंग तमाशा आउर दुनियां के काम से अलग हो जाएब त ? यीसु मसीह के अथाह बैभव अकथ आनंद, उनकर पराक्रम अनंत जीवन आउर सुख के देखे के बदला रउरा कछुआ के सुझावल बात देखे सोचे लागिले जौन सब बात के कि रउरा ख्रिष्ट के अपना मन में ले आवे खातिर छोड़े के पड़ी। आदमी के डर, मिरतु के डर आदमी के सैतान के काबू में रखले रहे के चाहे ला। मगर ख्रिष्ट ऊ सब लोग के छुटकारा देबे के खातिर अईलन जे लोग कि जिनगी भर मौत के डर के गुलाम रहस (ईब्री २: १४–१५) टार मटोर करे वाला आतमा रउरा मन के कठोर बनवले जाता आउर ऊ एक दिन राउर मन के ठीक कछुआ के खोपड़ी अईसन कठोर बना दी।

(५) चीता—ई एकठो भारी खूंखार निरदयी जनवर ह। अकसर आदमी का मन में घीन, खीस, हतेआरी आउर लंठई समाईला रहेला, आउर बहुत बेर त आदमी खूनो क बैठे ला। रउरा अपना बद मिजाजी पर

ओही घड़ी तक काबू राखे के कोसिस क सकिले जबतक कि रउरा अपना आप में बानी। अच्छा होई कि रउरा अपना क्रोधी सुभाव के मान लीं आउर यीसु से दुआ मांगी कि रउरा के अपना क्रोधी सुभाव से छुटकारा दे दे। "एह से अपना मन में दुःखी मत होख आउर अपना पर रंज मत कर" (उत्पत्ती ४५:५)। "खीस से अलगे रह आउर जलजलाहट के छोड़ द, कूद फान मत कर ओकरा से खराबिये होई" (भजन सं० ३७:८)। करोध निरदयी आग के नदी अईसन होला ओकरा से अगर केहु धधक उठे त ओकरा सामने कौन चीझ ठहर सकेला"? (नितीवचन) २७:४)। तू घवड़ा के कबहीं क्रोध मत करिह, काहे कि खीस मूरूख लोग के मन में बास करेल, तू अपना मन से खीस के दूर क द" (तमो० ७:९;११:१०)।

बहुत सा लोग अपना खीस के नीसा खाके इया बदला लेके ठंढ़ा करे के चाहेला, मगर ओकरा दाख मधु सांप के नीयर बीस आउर काला नाग के अईसन जहर चीझ होला" (व्यवस्था वि० ३२:३३)। पापी हिरदया वाला का बदला लेवे में खुसी होला, मगर हमके बदला लेवे वाला त परमेसवर बड़ले बा। एही से यीसु कहले बाड़न, "अपना परोसिया से अपना अईसन प्रेम कर" आउर "अपना दुसमनो के प्यार कर"। परमेसवर हमनो के कसूर माफ करे के परतिज्ञा कईले बा अगर हमनिओं का दुसरा के जे हमनी से कसूर करेला ओकरा से माफ कदीं तब। नराज रहेवाला आउर हरदम कुड़बुड़ाते रहे वाला जीव लोग से परमेसवर घीन करेला। लड़ाई करे आउर लहू बहावे के बासना भी आदमी के मन में रहें ला। आउर एही कारन से आदमी का मन में असली चैन बैठावे के जरूरत बा, अगर आदमी का ढेर दिन तक बांचल रहें के तब।

(६) सांप--अदन के बारी (फुलवारी) में होवा के ठगलस आउर परमेसवर के संघत बात विचार से दूर हटा देलस। सैतान जौन कि एगो पतित दुत ह जब देखलस कि आदम आउर होवा परमेसवर के साथे रहत बा लोग, आउर दुनियां के सब चीझ पर ऊ लोग के राज बा, त सैतान डाह से

Copyright ANGP

मरे लागल। तब ऊ लूसिफर, जे भोर के तारा अईसन चमके वाला दूत रहे—भेष बदललस आउर ऊ लोग के नाम के उपाई रचलस आउर ऊ लोग के परमेसवर में साथ संघत बात विचार और जिनगी के नास कईलस। 'डाह बड़ा खराब चीझ ह, ई कबर के समान होला' (श्रेष्ठ गीत ८ : ६) ऊ आदमी का मन में दुसरा के सुख-चैन नास करे के विचार ले आवेला आऊर एही कारन से आदमी का बीच में खून खतरा हो जाईल करे ला। ई बात अकसर अपना बिआही औरत वगैरह खातिर होला। बैपार आउर दूसर दूसर जगह में भी डाह आदमी का मन में बड़ा कठिन पीरा और घीन के सिरजन क देवेला, इहां तक कि मसीही और धरमी काम करता लोग जैसे पादरी प्रचारक लोग भी डाह के मार से ना बाँच पावे। जब कभी परमेसवर अपना कौनो एक चेला के आपना काम अधिका देबे लागे ला त दूसरा लोग का डाह हो जाला। आदमी खातिर सबसे उत्तम बात बा कि ऊ हमेसा अपना मे होसियार रहे, आउर वोह प्रेम से भर जाए जे कि पबित्तर आतमा हमनी का मन में बहवले बाटे। अईसन ना होखे कि ओह मे सैतानी आतमा समा के बिगाड़ दे आउर ऊ परमेसवर के काम के लाइक ना रह जाए।

(७) बेंग—जे कि माटी खाला—इहां पैसा रूपया के लालच वाला पाप के देखावतां, जे कि सब बुराई के जड़ ह (१ तिमाथी ६ : १०) कांगो देस में देखल गईल बा कि ऊहां के बेंग एतना चिऊँटी खा जाला कि पेट फाट जाला आउर ऊ मर जाला। लोभी आदमी अपना मौज में रहेला ऊ कभी गरीब अपाहिज मोहताज के मन से दान ना करे, बल्के धोखेबाजो आउर हर भला बुरा उपाई से धन बिटोरे के आउर बढ़ावे का फेर में रहेला, जौना के कि एक दिन कीड़ा आउर काई खा के नास क दी। एही से यीसु कहले बाड़न कि "अपना खातिर धरती पर धन मत जमा कर, जहवां ओहमे पिलुआ लाग जाला, अपना खातिर सरग में धन जमा कर जहवां ना कीड़ा लागी ना काई और ना चोर सेंध लगा सकी ना चोरा सकी। काहे कि जहां तोहार धन रही तहँई तोहार मनो लागल रही" (मत्ती ६ : १९-२२)। ऊकान्ह

पूरा धारणा के साथे मर गईलन काहे कि ऊ लोग अनमोल हीरा रतन आउर अच्छा अच्छा पोसाक के लालच कईले रहे। ( यहोसु : ७ ) यहुदा इस्का-रियोत, यीसु के चेला, फांसी लगा के प्राण दे देलस काहे कि पैसा के लोभ ओकरा से अपना प्रभू यीसू मसीह के पकड़वा देवे के पाप करा देलस। पैसा आउर सोना खराब चीझ ना लागे बल्के ओकर लोभ खयाब ह जे कि आदमी का मन में छिपल रहेला।

सब जात आउर बरन के हजारो लोग आउर उनकर घराना का मन में लालच वाली इच्छा के जोर पावल जाला। ई लोभ कि बहुत धन पाके हम एक बैक खूब धनिक हो जाई, चाहे ऊ जुआ खेलला से होखे, घुडदौड़ से होखे या कुकुर क नुमाईस से होखे। बिना पसेना के धन कमात के इच्छा से चोरी हतेआरी अईसन सब किसिम के पाप हो सकेला आउर कभी आदमी खुदकसी भी कलेला। पैसा के लोभ, अधिकार जमावे के लोभ, सामरथ के लोभ और मोहब्बत चाहे ऊ राजनीतिक होखे या आउर किसिम के होखे अच्छा न होखे। केहु राजनीतिक अधिकार चाहे ला कि लोग पर हुकूमत क सके, केहु धन के सामरथ चाहेला कि गरीब के आउर पीसे आ धन जमा करे, केहु परमेसवर के काम में जाये मन लगावे ला कि अपना मंडली खातिर दोसरा मंडली के संत लोग के नीचा देखा सके आउर दोसी ठहरा सके। ( मरकुस ९ : ३८ )। यीसु के बचन कहता कि "चौकस रह; आउर हर तरह के लोभ से बचल रह काहे कि अधिका धन से जीवन ना मिले"। ( लूक १२ : १५ ) एक धनी मुरूख के किस्सा लिखल बा कि "ओकरा जमीन में खूब उपज भईल, त ऊ सोचे लागल कि हम का करीं अवत हमरा लगे अनाज राखे के जगहे नईखे। आऊर तब ऊ कहलस कि हम अपना बखार तूड़ के आउर बड़का बखार बना-इब आ ओकरे में आपन सब अनाज आउर धन राखेब आउर अपना मन से कहेब कि, ए मुरूख, देख, तोरा लगे बहुत दिन तक मौज उड़ावे खातिर ढेर सा धन जमा बा, अब तें खूब खा पी के मौज कर"। त परमेसवर ओकरा कहलन "रे मुरूख, एही रात के तोर परान तोर देह से निकाल लेल जाई तब

जौन कुछ ते बटोरले बाड़े ऊ केकर होई ?" अईसने उहो आदमी बा जे अपना खातिर धन बटोरे ला, मगर परमातमा के आंख में धनी ना गिनाह" ( लूक १२:१६-२६ ), अगर आदमी सारी दुनियां के मालिक बन जाये आउर आतमा के नास क ले त ओह से ओकरा कौन फाइदा भईल ? (मरकुस २:३६) । एह से हम तोहरा से कहतानी तूं अपना परान के फिकिर मत कर कि तूं का खईब; ना अपना देह के कि का पहिरब ।.... बल्के ओकरा राज के खोज में रह, त ई सब चीझ तोहरा अपने मिली ।......काहे कि जहवां आदमी के धन रहेला उहँहीं ओकरा मनो लागल रहेला ( लुक १२: २२-२४ ) ।

(२) सैतान—दुनियां भर के झूठ आउर झूठा लोग के जनमदाता ह, ऊ आदमी का मन में हर किसिम के पाप उभाड़े ला पाप करावे ला और लोग के मन पर राज करे लागेला । यीसु कहताड़न कि "तूं अपना पिता सैतान के हव आउर ओकरे लालसा पूरा करे के चाहताड़ । ऊ त पहिल ही के हतेआर ह, जे सतपर असथीर ना रह सकल, काहे कि सत ओकरा में एकदम नईखे; झूठ बोलल ओकरा सुभाव ह ओही से ऊ झूठ बोलेला; काहे कि झूठा ह, बल्के झूठ के जनमदाता (युहन्ना ८:४४) । "एक सफेद झूठ" ओतने खराब चीझ ह जेतना कि काला झूठ । केतना अईसन झूठ बा जे लिखल आउर कईल जाला । ऊ आदमी भी कपटी आउर झूठा ह जे ढोंग रच के अपन असली रूप छिपवले रहेला । परमेसवर ना झूठ बोल सके ना कर सके— ओइसही एगो मसीही भी ना झूठ बोल सके ना कर सके (तितुस १ : २) । "अगर हम कहीं कि हम ओकर सह भागी हईं आउर अंधार में चो त हम झूठा हईं; आउर हम सत पर नइखीं" (१ युहन्ना १ : ६) । "मगर कुत्ता, टोनहा आउर बे बिचारी, आउर हतेआर, आउर मुरती पूजक, हर एक झूठ के चाहे वाला गढ़े वाला लोग बहर रही" ( प्रकाशित वा० २२:१५ ) ।

(६) तारा—हर आदमी के मन में रहेवाला बिबेक के चिन्हासी ह । ई तस्बीर में रहेवाला करिआ हो गईल बा । मतलब कि ई आदमी के

Copyright ANGP

बिबेक असुद्ध होंके मरला अईसन देखाई देता। एकर माने भईल कि ई आदमी जान बुझ के भी अपना मतलब से लगातार पाप करत आईल बा आउर ओकर बिबेक अंधा हो गईल बा आउर ठीक तरह से अच्छा बुरा के फैसला ओकरा भीतर नईखे क सकती। ई असुद्ध बिबेक कबहु कबहुँ दुखित हो जाता। ऊ आदमी के अपराधी ठहरावता जब ओकरा छमा करे के चाहीं आउर छमा करता जब ओकरा आदमी के अपराधी ठहरावे के चाहीं—बिलकुल उलटा पलटा काम करे लागल बा। एह आदमी के बिबेक अईसन हो गइल बा जैसे कि गरम लोहा से दागल गईल होखे आउर अब ओकरा में अच्छा बुरा के पहचाने के ताकत खतम हो गईल होखे, काहे कि ऊ बहुत दिन तक सैतान के बहकबला में चलल बा आउर छल कईले बा झूठ बोलले बा (१ तिमो० ४ : १-२; इब्री० १०:१२)।

(१०) आँख—ई आँख परमेसवर के आँख ह जे रउरा मन में होखे वाला हर बात के देखत रहेला। ओकरा तेज आँख से कुछ ना छिप सके। आउर ओही से ऊ सब केहु का मन के सब छिपल बात आउर मनसा के जान जाला आ देख लेला। (आँख एह तस्बीर में आदमी के कठोर सकल आउर सुभाव के भी बतावता)।

(११) छोट छोट आग—के अईसन जीभ परमेसवर के ओह प्रेम के बतावता जे कि पापी के हिरदया के चारो ओर से घेरले रहेला जब कि परमेसवर पाप से घीन करेला फेर भी ऊ पापी के पेआर करेला आउर पापी के मौत न चाहे, बल्के चाहेला कि पापी पछतावा करे आउर जीये। यीसु पापी के बचावे खातिर आईल रहस। सरग राज में एक पापी का पछतावा कईल पर, मन फिरबला पर बड़ा खुसी मनावल जाला। ई छोट छोट आग क नोकर जीभ यीसु के लहु के भी देखावता" जे परमेसवर के मेमना ह आउर जगत के पाप उठवले जाता"।

(१२) सरगदूत—ई परमेसवर के बचन सुनावे वाला ह। परमेसवर

चाहेबा कि ऊ ओह लोग से बात चित करे, जे बहकावा में पड़ गईल बा आउर पाप का भार से दबाइल बा, ऊ पछतावा करे आउर परमेसवर के प्रेम के अपना हिरदया में समाए दे।

(१३) कबूतर—पबित्तर आतमा, सत के आतमा के चिन्हासी ह, जे आदमी के पाप के बात के आदमी के दोसी ठहरावे ला, धरम नेयाय के बतावे ला। पबित्तर आतमा इहंवां आदमी के हिरदया बाहर देखाई देता। ऊ, जहवां पाप के राज रहेला, तहां ना रह सके।

अगर ई तस्बीर में देखावल गईल हिरदया के बर्नन रउरा हिरदया के दसा से मिलता त रउरा परमेसवर के दोहाई दीं। अपना हिरदया के ओकरा खातिर खोल दीं आउर ओकरा बचन के अपना हिरदया में चमके दीं। "प्रभु यीसु मसीह पर बिसवास कर त तूं उद्धार पईब"। परमेसवर परतिज्ञा कइले बा आउर तोहरा हिरदया के बदले के तैयार बा, ऊ कहले बा "हम तोहरा के नया हिरदया आउर ओकरा भीतर नया आतमा देब"।

Copyright ANGP

## तस्वीर दूसरा

ई तस्वीर एगो पछतावे वाला हिरदया के देखाव ता, जे कि परमेसवर के खोजे के सुरू करे ला। एहमें सरग दूत एगो तलवार लेले बा जौन कि ईसवर क बचन ह। परमेसवर के बचन जीवता सत बचन ह, जे कि दुधारा तलबार से भी चोख बा आउर ई आतमा, जीव के छेदे ला, ओकर पोर पोर गांठ गांठ, आउर गुद्‌दा गुद्‌दा अलग कके मन का बिचार के जांचे ला" (इब्री ४ : १२)। परमेसवर के बचन आदमी के ईयाद दिआवेला कि "पाप के फल मौत ह"; आउर कि आदमी का एक दिन मरे के पड़ी आउर मरला पर ओकर नेआय भी जरूर होई" (इब्री ० ९ : २७ । पापी लोग आउर बे बिसवासी लोग के हिसा में आग के पोखरा राखल गईल बा जौन कि गंधक आउर आग से जरत रहेला।

अपमा दूसरा हाथ से सरग दूत एगो खोपड़ी धईले बा। ई पापी के ईआद दिआवता कि हमनी का सब केहु के एक दिन मरे पड़े। हमनी के देह, जेकरा के हमनी का एतना पेआर करीले, कपड़ा पहिराईले, खिआवत पिआवत रहीले हरदम एकरा पर धेआन राखिले कि ई बनल रहे आउर




चित्र नं० २—दोसी आउर पछतापी के हिरदया


एकर इच्छा पूरा होत रहे, एक दिन ई देह मरके सड़ जाई, मगर आतमा ना मरी ऊ हमेसा जियत रही आउर एक दिन ओकरा परमेसवर के नेआय के सामने खड़ा होखे के पड़ी।

इहां हम देखेतानी कि पापी परमेसवर के सनेस पर धेग्रान देता आउर परमेसवर के प्रेम पावे खातिर अपना मन के खोलता। पबित्तर ग्रातमा ओकरा अंधार पापी मन में चमके के सुरू कर ता। परमेसवर के रोसनी ओकरा मन में समा के अंधार के भगाव ता। जब परमेसवर के रोसनी भीतर ग्रावेला तब अंधार का बाहर भागे के परेला। मतलब कि पाप का, जे किसिम का जानवर का रूप में आदमी का मन में समाइल गईल बा, भागे के पड़ेला। एह से हे पाठक लोग ! यीसु मसीह के रउरा सब ग्रपना हिरदया में जगह दीं, उहे जगत के जोती हवन ! अपना हिरदया से अंधार के अंधेर विचार सब निकाल बाहर करीं। यीसू कहले बाड़न कि "जगत के जोती हम हईं जे हमरा पीछा चली ऊ अंधार में ना पड़ी, बल्के जिनगी के रोसनी ओकरा मिली" ( युहन्ना ८ : १२ )। अपना जतन से रउरा अपना मन के अंधार ना दूर क सकीं, एकरा खातिर रउरा यीसू के रोसनी ग्रपना भीतर आवे देवे के पड़ी। यीसू के देख के रउरा हिरदया के पाप असहीं भागी जइसे कि सूरज के देख के तरेंगन सब लोप हो जालन। जब यीसु मसीह यरूशलेम का मन्दिल में समई ले त ऊ सब लोग के जे कि बैल, भेड़ा, कबूतर के बजार लगवले रहे लोग, आउर बट्टा लेके पैसा भँजावे वाला लोग के पैसा उलट पलट के फेंक फांक दे ले, आउर कहलन "लिखल बा कि हमार घर बिनती के जगह होई बाकि तूं लोग एकरा के डांकुअन के खोह बना देले बाड़" ( मत्ती २१ : १३ )। रउरा लोग के हिरदया परमेसवर के मन्दिल बने खातिर बनावल गईल बाटे। ऊ ओकरा में बास करे के चाहता, ऊ ओकरा के सुन्दर बनावे के चाहता, ग्रोकरा में रोसनी भरे के चाहता ग्राउर प्रेम ग्रानन्द से भरपूर करे के चाहता। यीसु खाली हमनी के पाप छमा करे ना ग्राइल रहुउ बल्के ऊ हमनी के पाप के ताकत तूड़के ग्रोकरा गुलामी से छुटकारा देवे ग्राइल रहस। एह से कहल बा कि "पुत्र ( यीसु ) तोहरा के आजाद क दोहें त तूं आजाद हो जईब" (युहन्ना ८ : ३६ )।

Copyright ANGP

# तस्वीर तीसरा

ई तस्वीर एक सच्चा पछतावा करनिहार के हिरदाया के दसा देखावता। अब इहां ऊ पाप के भयानक रूप के देखता जेकरा कारन योसु मसीह का



चित्र नं० ३ – पछतापी हिरदया

पापी के छोड़ावे खातिर क्रूस पर परान देबे के पड़ल रहे। जैसही पापी वोह

क्रूस के देखता जेकरा के सरग दूत आउर परमेसवर के बचन ओकरा के देखावता, तैस ही वोह पछतावा करेवाला आदमी के हिरदया ट्रक टूक हो जाता आउर ओकरा भीतर के पापी आतमा एकदम से मर जाता। आउर जब यीशू ख्रीष्ट में ऊ परमेसवर के प्रेम देखता तैसे ही ईसवर के प्रेम ओकरा मन के पसिजा देता। खास कके जब ओकरा बुझाए लागता कि परमेसवर के बेटा यीसु मसीह ओकरा ई सब ढेरसा पाप के उठावे खातिर आइल रहे, आउर ओकर पाप अपना कपार पर लेके ओकरा के उद्धार करावे खातिर आपन बलिदान देलस आ क्रूस पर मरल। ओकरा के कोड़ा मारब गईल हाथ गोड़ में निरदैता से कील ठोकल गईल आउर ऊ हमनी का पाप खातिर मरल।

जैसे जैसे ऊ आदमी परमेसवर के बचन पढ़ता तैसे तैसे ओकरा लौकता जैसे दरपन में लौकेला कि ऊ परमेसवर से केतना दूर भ गईल बा आउर परमेसवर हुकुम ना मन के अपराधी हो गईल बा। ओकरा में आखरी दु:ख आ पछतावा होता। तब जैसही ऊ आंसू आउर विलाप करत परमेसवर के सामने अपना हिरदया के रखता, तैसही यीसू ओकरा के अपना लगे खींच ले ताड़न। परमेसवर के प्रेम आउर सांती ओकरा मन में आ जाता। ऊ ई बूझे लागता कि "परमेसवर के पुत्र, यीसु मसीह के लहु हमनी के सब पाप में सुद्ध क देला" ( १ युहन्ना १ : ७ )। "यहोवा टूटल मन वाला के साथ रहेला आउर दबल पीसल लोग के उद्धार करेला" ( भजन सं० ३४:२८ )। परमेसवर के बचन कहता "हम ओकरे ओर देखिले जे मन के दीन आउर दु:खी होला आउर हमरा हुकुम क भय माने ला" ( यशायह ६६:२ )। पवित्तर आतमा ओकरा के यीसू के ई वचन कहता "ए बेटा तूं धीरज धर तोहार पाप छमा हो गईल"। अगर ऊ अबतक क्रूस के ओर ताक रहल बा आउर क्रूस पर बहेवाला यीसू ले लहू के देख रहल बा त ओकरा ई बुझाए लागल बा कि ओकरा पाप के बोझा उठा लेल गेईल बा काहे कि यीसू मसीह हमनी के दु:ख, सोक संताप अपना पर लेके सह लेले बा। ओकरा

इहो बुझाए लागल बा कि "योसू हमनीए के पाप खातिर घवाहिल भईल क्रूस पर मरल"। हमनिये के कुकरम खातिर ऊ कुचलल गहेल"। "काहे कि हमनी के उद्धार करे खातिर यहोवा हमनी के पाप ओकरा पर लाद देलन" ( यशा० ५३ )।


पवित्तर आतमा के रोसनी अब ओकरा अंधार और असुद्ध मन में भरल जाता, अब ऊ सुद्ध हो गईल बा। योसु मसीह के लहू से धोवा के अब ऊ बरफ अईसन उज्जर भईल जाता ( यशा० १:१८ )। पवित्तर आतमा ओकरा से कहता कि ओकर पाप क्षमा हो गईल बा, परमेसवर क दया से अब ऊ परमेसवर के संतान बन गईल बा ( रोमी० ८:१६ )। अब ओकरा बिसवास हो गईल बा कि जे केहु योसू पर बिसवास करी ओकर नास ना होखी बल्के ओकरा अनंत जीवन मिली" ( पढ़ो १ करि ६:१०,११ )। काहे कि योसु में "हमनी का ओकरा लहू से छुटकारा मतलब पाप के क्षमा मिलल बा" ( इफी० १:७ )। अपना सरीर के पापी इच्छा का खातिर ऊ जी रहल बा, आऊर ओकर काम तन मन लगा के करे के चाहता। "जे हमरा से प्यार करेला"। ऊ संसार के चीझ के बदले परमेसवर से और ओकरा बचन से प्यार करे लागेला।

## तस्वीर चौथा

एह तस्वीर में हम देखतानी कि पाप के रूप में जोन सब जनावर हिरदया में पहिले बास, करत रहन से अब बाहर निकल गईल बाड़न, फेर भी सैतान नईखे चाहत कि ऊ अपना जगह छोड़े आउर ओकरा हिरदया से बाहर निकल जाए। ऊ पीछे घूम घूम के देखता कि कब मौका मिले कि ऊ फेर ओकरा हिरदया में समा जाए। एही कारन से योसु मसीह हमनी के जागल रहे के और पराथना करत रहे के कहले बाड़न जेमे सैतान दूरे रहे।

ई तस्वीर एक मसीहो के हाल बतावता जे हमनी के प्रभु योसु मसीह के बलिदान से पूरा सान्ती और पाप से छुटकारा पा गईल बा। एही से

अब कौनो बात के घमंड ना करे सिवाए एह बात के कि "प्रभु यीसु मसीह के क्रूस पर दुनियां के सब चीझ ओकरा नजर में ओकरा खातिर चढ़ गईल और दुनियां के नजर में भी उ आदमी यीसु मसीह के साथे क्रूस पर बलिदान हो गइल बाटे— ( गलती० ६ : १४ )।




चित्र नं० ४—मसीह के साथ क्रूस पर चढ़ावल आदमी

यीसु क्रूस पर हमनी के पाप खातिर मरल जेमे हमनिओका पाप खातिर मर के धरमी जीवन बिताई ( १ पतरस २ : २४ )। मसीही का संसार के इच्छा सब क्रूस पर चढ़ा देबे के पड़ेला। हमनी के हुकुम मिलल

बा कि "आतमा के इच्छा से चल, सरीर के लालसा पूरा करे में मत रह" ( गलाती० ५ : १६, २५ )।

ई तस्वीर में ऊहे खम्भा देखावल गईल बा जेकरा में सब कपड़ा उतार कर प्रभु यीसु मसीह के बांधल गइल रहे, अब ओसही ओकरे साथे तूहूं दुनियां के इच्छा भोग बिलास खातिर क्रूस पर चढ़ के मर चुकल बाड़ आऊर तोहार जीवन प्रभु यीसु मसीह के साथे परमेसवर में ढांक दीहल गइल बा ( कुल० ३ : ३ )। अब तूं पाप के जीवन खातिर मर चुकल बाड़ और प्रभु यीसु मसीह से परमेसवर के खातिर जिय ताड़। ( रोमी० ६ : ११ )। इहां कोड़ा आउर चाबुक भी देखावल गईल बाटे। एही कोड़ा चाबुक से ऊ निरदयीता के साथे पीटल गईल रहे। ऊ हमनी-एके पाप ढोके हमनी के ऊद्धार खातिर मारल गइल। "हमनी के चैन खातिर ओकरा पर ताड़ना पड़ल"। हेरो देस आउर ओकर आदमी लोग यीसू के हँसी उड़ावल, कोड़ा से पीटल आऊर ओकरा कपार पर काँटा के ताज पहिरा केऊपर से दबावल। जेकरा के सोना के मुकुट पहिरावे के चाहीं ओकरा काँटा के मुकुट पहिरा के दुरदसा कईल गइल। बादसाही राजदंड के बदला में लोग ओकरा हाथ में सरकंडा के छड़ी धरा दीहल— ओकरा पर ऊ लोग थूकल आउर थूक के ओकरा हाथ से सरकंडा छीन लीहल लेके कपार पर मारेके सुरू कईल जेमे काँटा के ताज जे ओकरा कपार पर पहिरावल रेहे गड़ आउर ऊ धवाहिल होखो। एहीतरे बेइजती, आऊर हँसी ठठठा कके ओकरा के क्रूस पर चढ़ावे खातिर निरदईता के साथ लेचलल लोग।

बहुत लो खाली नांव खातिर मसीही होला, गिरजा जाला, प्रभु भोज में भाग लेला, परमेसवर के गीत गावेला, मगर दुनियां के सब बुरा काम जे कि मसीही का छोड़े देबे के चाहीं करत रहेला। अपना उद्धार करता के अपना करनी से हरदम क्रूस पर चढ़ावत रहेला लोग। "जे लोग खाली हे

प्रभु ! हे प्रभु ! कहत रहेला ऊ लोग का सरग राज में जगह ना मिली, जगह ओकरे मिली जे सरगीय पिता के मन मोताबिक चली" ( मत्ती ७ : २१–२७ ) ।

एह तस्वीर में एगो पैसा के थैली देखावल गईल बा, ई थैली यहुदा इसकारियोत के ह जे कि तीस रूपया के लालच में प्रभु यीसु मसीह के बेंच देलस, आऊर उनका के दुसमन लोग से मिल के पकड़वा देलस । पैसा के लालच ओकरा के आंधर बना देले रहे । यीसु मसीह के कपड़ा, जे कि उतरवा के उनका के क्रूस पर चढ़ावेल गईल, सिपाही लोग चिट्ठा लगा के आपस में बाँट लेलन । एहसे परमेसवर के भविषवाणी के सचाई मालूम पड़ता । परमेसवर बहुत दिन पहिले कहले रहस "उलोग हमार कपड़ा बाँटता आउर हमार पोसाक पर चिट्ठा लगावता" ( भजन सं० २२ : १८ ) ऊ लोग यीसु से सब कुछ छीन लीहल ।

आदमी हरदम परमेसवर के आसीस पावे के इच्छा राखेला । बरखा, धूप, पानी, रोसनी, सब आसीस परमेसवर लोग के समान रूप से देत रहेला, बाकि आदमी परमेसवर के अधीन में अपने ओकरा मन मोताबिक काम करे के ना चाहे । आदमी चाहे ला कि परमेसवर ओकरा मन मोताबिक सब चीज देस आउर ऊ अपना मन से जे चाहे बुरा या भला करता रहे । बहुत लोग परमेसवर के एह से माने ला कि ऊ तकलीफ का समय में आदमी के सहायता करेला ।


अब देखीं कि भाला आउर बरछा से सिपाही लोग यीसु के पंजरा आऊर छाती के छेदल "आउर ओकरा भीतर से पानी निकलल" ( युहन्ना १९ : ३३-३७ ) । मुरगा बोले के पहिले पतरस यीसु के तीन बात माने से इन्कार कइलन बाकी पीछे फूट-फूट के रोअलन आउर पछतवलन । का; रउरा आज यीसु मसीह के बचन और ओर कर्म से मनतानी ?

# पाँचवाँ तस्वीर

ई तस्वीर ओह पापी आदमी के हिरदया के देखावता जेकर मन और हिरदया परमेसवर के कृपा से साफ हो गईल बाटे आऊर ओकरा के ईसवर पिता अपना दया से बचा लेले बा। एकर हिरदया अब परमेसवर के मन्दिल बन गईल बा जेमे, पिता ( परमेसवर ) पुत्र ( यीसु मसीह ) आउर पबित्तर आतमा बास करे लागल बा जैसन कि प्रभु यीसु मसीह करार कईले रहस कि "अगर केहु आदमी हमरा से प्रेम राखी त ऊ हमरा बचन के मानी, आउर हमारा पिता ( परमेसवर ) भी ओकरा के प्यार करी आउर हम फेर आएब आउर ओकरा के ले जाके अपना साथे सरग राज में राखेब ( युहन्ना० १४ : २३ )। परमेसवर ओही आदमी से प्रेम करे ला आऊर ऊपर उठावेला जे ओकरा पुत्र प्रभु यीसु मसीह से प्रेम करेला (लूक १ : ५२ )।

अब ई आदमी के हिरदया परमेसवर के असली मंदिल बन गईल बाटे। झूठ के पिता याने सैतान के बसावल किसिम किसिम के पाप रूपी जानवर ओकरा हिरदया से बाहर हो गईल बाड़न। अब हम देख तानी कि ओकरा हिरदया में पबित्तर आतमा बास करता। पाप के घिनौना बैठ खाना के बदला अब ओकर हिरदया, सुन्दर, फल फूल से भरल फुलवाड़ी नजर आवता जेकरा में पबित्तर आतमा के विचार के फल फुल लाग रहल बा। अब परमेसवर के भावे वाला गुन सब ओकरा में देखल जात—जैसे कि आनंद, मेल, प्रेम, सांती, धीरज, दीनता, अच्छाई, करे के इच्छा, बिसवास, नम्रता, संजम और दूसर दूसर निमन गुन। काहे कि अब ऊ प्रेम, आनंद, मेल ( सांती ), बिसवास, ( गला० ५ : २२२३ ) कोमलता, भलाई, धीरज, नम्रता, संयम ऊ यीसु मसीह में बास करता, आउर ओकरा में ख्रीष्ट और उनकर बचन बास करता ( युहन्ना १५ : १-१० )। ऊ अब पबित्तर आतमा से भर गइल बा आउर ओकर बपतिस्मा मिल चुकल बा एहसे ओकरा पास अब एतना ताकत हो गईल बा कि ऊ अपना सरीर के बासना आउर सब बुरा ईचठा के जीत सकता। ऊ आपन सब पुरान बे बिचारी वाला

चाल चलन के क्रूस पर चढ़ा देले बा। अब ऊ बिसवास के साथे जियता। काहे कि यीसु मसीह पर विसवास केईला के माने ह पाप पर विजय।




चित्र नं० ५—परमेसवर के मन्दिल

धन बा ऊ लोग जेकर मन सुद्ध बा, उहे लोग परमेसवर के देख सकी ( मत्ती० ५ : ८ )। दाउद राजा आपन पूरा धन दौलत आउर अपना बाहरी दुसमन पर विजय पाके भी ई बात समझत रहस कि सबसे भारी लड़ाई उनका मन के भीतर हो रहल बा, आउर अपना भीतर सामरथ पावे

खातिर पराथना कर ताड़न 'हे परमेसवर हमरा भीतर तूं सुद्ध मन दे, आउर हमरा आतमा के अस्थीर बना दे (भजन सं० ५१ : १० )। आदमी में एतना ताकत नईखे कि अपना मन का जोर से अपने अपना मन के सुद्ध कर सके, सिवाए एकरा कि ऊ पछतावा करे। पछतावा भी परमेसवरे के कृपा से आदमी का मन में आवेला, जैसन कि दाउद राजा का भईल रहे। तब ऊ परमेसवर से पराथना कईलन कि परमेसवर उनका मन के भीतर नया आतमा पैदा क दे आउर उनका के नया हिरदया फेर से दे। ओसही, परमेसवर रउरा सब आदमी के मदद के तैयार बा काहे कि ऊ करार कईले बा कि "हम तोहरा पर सुद्ध पानी छींट के सुद्ध क देब, आउर सब गन्दगी और मूरत मूरती के दूर क देब हम तोहरा के नया मन देब आउर तोहरा भीतर नया आतमा पैदा क देब, आउर तोहरा में से पत्थल के हिरदया निकाल कें नरम हिरदया देब। हम आपन आतमा तोहरा भीतर देके तोहरा के अपना नियम के मोताबिक चले लायक बना देब आउर तूं ऐसन हो जईब कि तू हमरा नियम के मन के चलब आउर ओही मोताबिक सब काम करब ( यहेजकेल ३६ : २५–२० )। नया नियम के मतलब इहे ह।

एह तस्वीर में हम देखतानी कि एगो सरग दूत फेर से परगट हो रहल बा। सरग दूत सब के ऊ लोग के सेवा खातिर तनात कईल जाला जे लोग कि प्रभ यीसु मसीह के साथे अनंत जीवन के वारिस बनेवाला बा। सरग दूत अइसन लोग के घेरले रहेलन जे कि परमेसवर के भय मान के चखे ला ( भजन सं० ३४ : ७;९१ : ११; दानी० ६ : २२; मत्ती २ : १३; १३ : १९; १८ : १०; प्रे, के. का ५ : १९; १२ : ७–१० )।

सैतानों एह तस्वीर में देखाई देता जे कि एह आदम के हिरदया के एकदम लगे खड़ा बा, अईसन बुझाता कि ऊ अपना पहिलका जगह में ओह आदमी का हिरदया में फेर से समाए के मोका खोजत होखे। एहीसे परमेसवर हमनी के हुकुम देले बा कि हमनी का हरदम सचेत रहे के चाहीं,

आउर पराथना करत हहे के चाहीं। काहे कि हमनी क बिरोधी सैतान गरजत बाघ अईसन एह खोज में रहेला कि ऊ हमनी के फाड़ खाए (१ पत-रस ५ : ८)। बहुत बेर सैतान सरग दूत के भेस बना के लोग के गिरावत फिरे ला। ऊ लोग के पाप काम के पुन के काम बतावे लागेला आऊर लोग गिर जाला। ऊ परमेसवर के चूनल लोग के भी धोखा देवे से बाज ना आवे। जब हमनी का ओकर सामना करीले तब ऊ भागे ला ( याकूब ४ : ७ )।

## छठवाँ तस्वीर

Copyright ANGP

ई पीछे फिसले वाला नाराजगी से भरल आदमी के हिरदया के तस्वीर ह। एह आदमी क एगो आँख बंद होखे लागल बा, माने कि ओकर प्रेम ठंढा पड़ल जाता आउर अपना मसीही जीवन के भुलाए लागल बा। ओकर दूसर का आँख बेसरमी से चारों ओर ताक रहल बा आऊर ऊ दुनियां के वासना वे बिचार से प्रेम करे लागल बा। परमेसवर के बचन के बदला ऊ सैतान के चलाकी वाला बात सुने लागल बा। मगर अभी भी ऊ गिरजा पूजा में जाता, मगर परमेसवर के प्रेम ओकरा मन में नईखे। ओकर मन दूआरे चल गईल बा। ओकरा हिरदया के तारा (बिवेक) धुंधुर हो गईल बा। अब क्रूस ओकरा खातिर भारी बोझा बन गईल बा। ओकर विसवास डोल गईह वा। पराथना में परमेसवर से ओकर बात चीत बंद हो गईल बा। ऊ अपना मन में सैतान के बैठावे खातिर जगह बना रहल बा। ओकरा असली विसवासी लोग से जादे दुनियां के लोग का संघत में मजा मिल ता। मोर जे कि घमंड के चिन्हासी ह ओकर मन में समाए के चाह ता। ओकर अब ई बात इयाद नईखे कि ऊ दया से बचावल गईल बा। अब ऊ घमंडी मसीही बन गईल बा। ओकर अब सरीर के वासना पर धेआन चल गईल बा। बुरा बुरा तस्वीर, बुरा संघत, नाच तमासा आउर सब खराब चीज सब से आपन मन बहलाव करे के चाह ता। अब ऊ

सैतान के बुद्धी में निधड़क चले लागल बा। बुरा काम के सोभाविक काम कहे लागल बा आउर अब ओह में ऊ पाप नइखे मानत ।




चित्र नं० ६—परीक्षा और दोबिधा में पड़ल हिरदया

ई बात सांच ह कि आदमी का मन में बुरा खेआल उठे ला आउर आदमी ओकरा के ना रोक सके मगर पाप तब होला जब कि ओईसन खेआल


हमनी का अपना मन में बैठा लिहले आउर ओकरा मोताबिक कुकरम करे के शुरू क दोले आउर सैतान हमनी के आतमा के घोर नरक में अनंत काल तक दु:ख भोगे खातिर ढकेल देला। सैतान अंगुरी पकड़ के पहुंचा पकड़ लेला, एही से परमेसवर हमनी के चेतवले बाड़न कि हमनी का जवानी के गंदा खेआल से दूर भागे के चाहीं उहे हमनी के पाप से छोड़ावे वाला बा आउर ओकरे कारन से हमनी का पाप पर विजय पा सकिले।

आदमी जे ई तस्वीर में हिरदया पर छुरा चलावता ऊ मसीही धरम के हँसी उड़ावे और विरोध करे वाला लोग के बतावता। ई अईसन मार ह जेकरा के कि आधा मन से भक्ति करे वाला लोग ना सह सके, आऊर हार के बैठ जाला लोग। पैसा के लोभ भी बड़ा जल्दी आदमी का मन में समा जाला। एह से प्रभु यीसु मसीह कहले बाड़न कि "तू जागल रह आऊर पराथना करत रह, जेमे परिक्षा में ना पड़" (मत्ती २६ : ४१)। एह से "जे आदमी का बुझाता कि ऊ थीर बा ओकरा चोकना रहे के चाहीं कि गिरेना" (१ करि० १०)। हमनी का परमेसवर के दीहल सब हथियार से लैस रहे के चाहीं जेमे सैतान के विरोध में खड़ा हो सकीं (इफी० ६ : ११—१८)।

## सातवाँ तस्बीर

एह तस्वीर में परमेसवर से पीछे हटल आदमी के हिरदया के दसा देखावल गईल बा, जे कि एक दिन अपना उद्धार के बात समझले रहे आउर सरग राज के बात समझले रहे, पवित्तर आतमा के साथ में रहत रहे, उहे आदमी एह घड़ी पतित हो गईल बा। एह तस्वीर से उहो आदमी के दसा देखल जा सके ला, जे 'सुसमाचार' सुन के, ओकर सचाई जान के भी कभी पछतावा नईखे कईले। अईसन आदमी जे अपना मन के कठोर बना लेले बा, ओकरा परमेसवर के सेलाह अच्छा ना लागे, ई सब अच्छा बात सुन के ओकर मन कड़ुआ हो जाला आउर ऊ बराबर दिन दिन रा खब होत चल

जाला, चाहे केतनो ऊपाए एह आदमी के सुधारे खातिर कईल जाये ऊना सुधर सके ।




चित्र नं० ७—पीछे फिसलल कठोर बनल हिरदया

पीछे भागे वाला लोग के वरनन योसु अपने कईले बाड़न "जब असुद्ध आतमा आदमी का मन से निकल जाला त ऊ बेचैन रहेला, आउर आराम के

जगत का खोज में रहे ला, जब अईसन जगह ओकरा ना मिले त ऊ कहेला कि 'हम फेर ओही पुरान जगह ( आदमी का हिरदया ) में लौट जइब जहाँ से हम निकलल रहीं। तब ऊ जा के अपना से भी खराब सात आतमा के साथ लेके आदमी का हिरदया में समा जाला"। अईसन आदमी के बाद वाला दसा पहले से भी बहुत खराब हो जाला" ( लूक० ११ : २४–२६ )। "अईसने लोग पर कहाउत कहल गईल बा कि कुत्ता अपना छांट के ओर आऊर धोवल–धावल सुअर कोचड़ के ओर फेर से लौट जाला" (२ पतरस २ : २२ )।

बैबल धरम सासतर के बचन ढीठ ओर पीछे हटे वाला पापी के मन के दसा साफ साफ बयान क देता। अब पाप अपना सब छल कपट के साथे ओकरा हिरदया पर राज करे खातिर भीतर समा गईल बाटे। ओकरा चेहरा से भी अब ओकरा हिरदया के दसा परगट होता। पवित्तर आतमा ( कबूतर ) के भी ओकरा हिरदया से जबरदस्ती निकल जाए के पड़ता। पाप आउर पवित्तर आतमा दूनों एक साथे मन मे ना रह सके। आदमी के हिरदया परमेसवर के मंदिल ओर सैतान के घर दूनों एके साथे ना बन सके। सरग दूत, याने परमेसवर के बचन का भी उदास होके—ओकरा के छेड़ के पड़ता तबहूं ऊ पीछे घूम घूम के देखता कि ई आदमी पछतावा करे जैसे कि उड़ाउ लड़िका कईले रहे, "हम अब उठ के अपना बाप के लगे जाएब आउर उनका से कहेब कि बाबुजी, हम सरग के बिरोध मे आउर तोहरा नजर में बहुत पाप कईले बानी। अब हम एह लाएक नईखीं रह गईल कि तोहार वेटा कहा सकीं। तूं हमरा के अब अपना एगो नोकरे के अईसन रहेद ( लूक १५ : १८ )। आउर ऊ बाप अपना वेटा के पछतावा करत देख के माफ क देलस।

मगर ई तस्वीर देखला से बुझाता कि एह आदमी का मन में कौनों पछतावा नईखे, परमेसवर के ओकर मन तनिको नैखे, ना; योसु के लगे क्षमा मांगे के कौनो लच्छन देखल जाता। बुझाता जैसे ओकरा विचार के केहु गरम लोहा से दाग के चुप कदेले होखे। ओकर कान योसु से बिनती

करे वालन के बात नईखे सुन सकत। आँख रहते ऊ नरक के वोह अथाह कुंड के नईखे देख सकत जे कि मुंह बवले ओकर के लीले खातिर खाड़ बा। अब ओकर पाप करम करे में कौनो लाज नइखे रह गईल। सैतान ओकर मन पर पूरा तरह राज करे खातिर पहुंच गईल बा और ओकरा मन के भीतर बैठ गईल बा। हो सकेला कि बाहरी चाल चलन से ऊ अभी भी भला आदमी देखाई पड़, धरम के ढोंग रचले रहे मगर असली में ऊ एक चूना पोतल कबर के समान रह गईल बा जे ऊपर से साफ देखाई देता मगर भीतर गन्दगी आऊर सड़ल मांस हड्डी भरल बा। (मत्ती २३ : २७)।

झूठ के जनक सैतान सत के आतमा के जगह पर कब्जा क लेले बा। हर पाप के जानवर आपन खास दुष्ट आतमा साथी के साथे ओकरा हिरदया में बास ले लेले बा। ऊ भले अपना के एह सब दुष्ट आतमा सब से छोड़ावे के चाहता मगर ऊ सब मिल के ओकरा के एकदम से बांध लेले वाड़न स। "जब कि मूसा के नियम ना माने वाला दू तीन आदमी का गवाही पर, बिना दया के मार डालल जात रहे, त सोच कि ई आदमी आउर केतान भारी सजाए के लायक ठहरावल जाई जे परमेसवर के पुत्र के पांव से रगड़ता, आउर बचा के लोहू जेकरा से ऊ पवित्तर ठहरावल गईल रहे, ओकरा के अपबित्तर समझता, आउर अनुग्रह के आतमा के अपमान करता" (इब्री० १० : २८, २९; २ पत्तरस १ : १४)।

अगर ई तस्वीर रउरा हिरदया के दसा से मिलत होखे त, भईया, रउरा जल्दी से परमेसवर के पुकारीं आउर मन से दोहाई दीं। "ऊ अइसन लोग के पूरा उद्धार क सकेला" ऊ चाहता आउर ओकरा में सामरथ बा जेह से कि ऊ सब पाप के क्षमा कर दे, अगर रउरा सच्चा पछतावा के मन से ओकरा लगे जाईं तब। ऊ सैतान के बांध सकेला आऊर सैतान के अपना पूरा फौज के साथ जे रउरा मन पर राज करता रउरा मन का बाहर निकाल सकेला। अगर रउरा चांही तब। ऊ जबरदस्ती रउरा मन पर ना क सके। रउरा

ओह कोढ़ी के अईसन ओकरा लगे आई जौन कि यीसु के लगे आके कहलस कि "हे प्रभु, अगर तूं चाह त हमरा के सुद्ध क सके ला"। तब यीसु ओकरा के जबाब देलन कि "हम चाहतानी, तूं सुद्ध हो जा" आउर ऊ आदमी बिलकुल साफ सुन्दर सुद्ध बन गईल (मरकुस १ : ४० ; ४१)।


## आठवाँ तस्वीर

ईहाँ हम टार मटोर करे वाला पापी के मौत का मुँह में जात देखतानी; ओकर सरीर पीरा, और आतमा मिरतु का डर मे भर गईल बाटे। मौत ओकरा पास अचानक बिना चाहे पहुँच गईल बा। पाप के भयानक फल मिले वा[illegible] [illegible] [illegible]दप ओकरा सामने आ गईल बा। नरक के पीरा अपना असामी पर अपन अधिकार जमा रहल बा। ई आदमी पराथना करे के चाहता, मगर परमेसवर से बातचीत नईखे हो सकत काहे कि ओकरा प्रेम के ई आदमी बहुत दिन ले ठोकरावत आईल बा।

हर चीज जेकरा से ई आदमी प्रेम करत रहे जेकरा खातिर जान देत रहे उहे सब एह घड़ी ओकरा हँसी उड़ावतान स। ई आदमी के अब केहू बँचावे वाला नईखे काहे कि परमेसवर के अनुग्रह के ठोकरावले बा आऊर परमेसवर के हुकुम के मोताबिक दोसी आउर सजाय क भागी ठहरावल गईल बा। ओकरा अब बुझाए लागल बा कि "जिवता परमेसर के हाथ में पड़ल केतना भयानक बात होखेला" (इब्रो० १० : ३१)। एह आदमी का ई उमीद रहे कि कौनों सहुलियत के बेरा, मरे से पहिले, ऊ आपन हिसाब किताब परमेसवर से बेबाक कली, बाकि अब ऊ बूझता कि बहुत देर हो चुकल बा अब कुछ ना हो सके। हजारों आदमी अचानक मर जालन आउर मरन सेज पर उनका कौनो अईसन मौका ना मिल सके कि ऊ परमेसवर के खोज से सकस। एह से आदमी का चाहीं कि ऊ परमेसवर के खोज पहिले करे जब कि ओकरा पास पूरा समय बा आउर ऊ परमेसवर के पा सकता।

Copyright ANGP

परमेसवर के सान्ती वाला बात सुने के बदले अब ई मरे वाला पापी अब अपना नेयाय करनीहार के बात सुन रहल बा! जे कहता कि "ऐ, सरापित




लोग, हमरा सामने से दूर ओह फुलवारी में चल जा जोन कि सैतान आउर ओकरा दूत लोग खातिर तैयार कईल गईल बाटे" ( मत्ती० २५ : ४१ ) ।

"( जैसे ) आदमी खातिर एक दिन मरना आउर ओकरा बाद नेयाय ईसबर के बनावल नियम बा" ( इब्री० ९ : २७ ) ।

## नौवाँ तस्वीर


ई तस्वीर एक मसीही के कठिन परिक्षा के देखावता । ई आदमी सब मुसीबत आउर कठिनाई के सहता आउर जीत लेता । सब तरह के जाँच आउर बिपत में ऊ थीर बनल रहता आउर आखिर दिन तक सहत जाता । एह तरह से ऊ यीसु मसीह के साथ से विजयी बीर से भी बढ़ के बन जाता । ऊ मसीही जीवन में खाली भरतीए भर नईखे भईल, बल्क ऊ मसीही जीवन का दोड़ में धीरज के साथे दौड़त रहल वा । ऊ दहिना बायां केनहू नईखे देखत । ऊ खाली "यीसु मसीह के ओर ताकत रहता जेह ले ओकरा में बिसवास पैदा होता आउर बिसवास के साथे चले के धीरज भी पैदा होता" ( इब्री १२ : १, २ ) ।

सैतान आपन पूरा सेना लेके एह बिसवासी हिरदया के चारो ओर से घेरले बा आउर बहकावे के उपाय करता—जैसे, घमंड, पैसा के लालच, दुष्ट आतमा आउर दूसर दूसर अईसने सब चीज जेकि एह तस्वीर में देखावल गईल बा । बाघ का जगह पर अब हमनी का गंघवा देखतानी, काहे कि पाप आपन रूप बदल बदल के हमनी के लगे आवेला ।

जे मसीही सचेत आउर चौकन्ना रहेला ऊ पाप के जल्दी से चीन्ह लेला । काहे कि परमेसवर के बचन ओकरा के अधरम के ओर ना जाए दे : एगो आदमी एह मसीही के सामने सराब के बोतल लेके नांच रहल बा । दुनियां के मौज मजा देखा के ओकरा के परिक्षा ( बिपत ) में गिरावे के चाहता । तबहू एह मसीही पर ओकर कोनों असर नईखे पड़त, काहे कि ई परमेसवर के ऊपर आपन जीवन के नीछावर क चुकल बा, ई आदमी ख्रिष्ट के साथे दुनियां और दुनियां के पाप खातिर क्रूस पर चढ़ गईल बा ।

Copyright ANCP

तस्वीर में ऊ दूसरका आदमी एह मसीही के कटारी से छेदता। डेराना, धमकाना, निंदा, शिकायत, चुंगली और हँसी उड़ावल —ई सब बात




एक सच्चा मसीही के हिरदया के छेदल कहाला—जे कि परमेसवर के दुसमन लोग परमेसवर के साथे करत रहेला। मगर सच्चा विसवासी एह सैतान लोग

के बात पर ध्यान नां देला। ऊ हरदम परमेसवर के बात सुने का फिकिर में लागल कि परमेसवर का कहता। ऊ हमेसा यीसु के बात एह बात के याद करत रहेला, "धन भाग तोहार, जब तोहरा के लोग हमरा कारण से तोहरा विरोध में सब तरह के झूठ झूठ बुराई के बात फैलाई, तोहरा निंदा करी आउर तोहरा के सताई। तू ओह घड़ी खुब आनंद मनईह काहे कि एकरा बदला में तोहरा सरग राज के फल मिली" (मत्ती ५:११,१२)।

पाप सरीर के सवारथ आउर सैतान हरदम कोसिस में रहेला कि मसीही लोग के परमेसवर का प्रेम से दूर भगावे। मगर सच्चा मसीही जेकर तस्वीर हम देखतानी खूब आनंद के साथे कह सकेला 'हमरा के के मसीह के प्रेम से हटा सकेला ? पीरा, विपत, खतरा, उपद्रव, अकाल, मुफलिसी या कि तलवार के धार ? (रोमी ७:३५)। मगर एह सब बात से हमनी का ओकरा बदौलत जे हमरा से प्रेम कईले बा (यीसु मसीह विजयी बोर से भी बढ़के बानी" (रोमी ८:३७)।

तारा के चिन्ह बतावता कि ओकरा बिवेक निरमल बा आउर चमक रहल बा। ओकरा मन विसवास आउर पवितर आत्मा से भरपूर बा। सरग दूत, परमेसवर के बचन ओकरा के हरदम ऊ सब अनमोल परतिज्ञा याद करावत रहता जेकि ओकरा ईसवर परमेसवर ओह लोग खा'तर कईले बाड़न जे आखिर तक धीरज रख के पाप के जीतत रहेला। "जे जीती ओकरा के हम जीवन का पेड़ से, जे सरग राज में बा, फल खाए के देब"। जे जीती ओकरा दूसरका मिरतू से कौनो नोकसान ना होखी"। जे जींती ओकरा के हम गुप्त मन्ना में से देब आउर ओकरा के एगो उज्जर पत्थर भी देब जेकरा पर एगो नाम लिखल रही जे कि पावे वाला के छोड़ के आउर केहु का ना मालूम होई।" जे जीती आउर हमार काम करत रही ओकरा के हम हर जात के लोग पर अधिकार देब"। "जे जय पायी ओकरा के असही उज्जर कपड़ा पहिरावल जाई, आऊ ओकरा नाम जीवन का किताब से हम कभी ना

मेटायेब, आऊर ओकरा नाम के हम ईसवर बाप आऊर सरग दूत लोग के सामने मान लेब"। "जे जै पाई ओकरा के हम परमेसवर के मंदिल के एक खम्भा के अईसन बना के खड़ा क देब कि आउर ऊ कभी फेर बाहर ना निकालल जाई"। "जे जै पाई ओकरा के हम ओसही ईसवर पिता के सिंघासन पर अपना साथे बैठाएब जैसे कि हम जै पाके अपना ईसवर बाप के साथे ओकरा सिंघासन पर बैठ गईलीं।" (प्रकाशित वाक्य २:११,१७, २६;३:५,१२,२१)।

खुलल पैसा के थैली ई बतावता कि ऊ अपना हिरदया के साथे साथे आपन धन भी परमेसवर पर निछावर क देले बा, ऊ रूपया पैसा मौज मजा में बरबाद करे के बदला ओह से गरीब के मदद करेला।

रोटी आऊर मछली बतावता कि ऊ पबित्तर और संजमी जीनगी बितावता। ऊ नीसा खाके, लहू खाके या गला दबाके मारल जीव के मांस खाके या कौनो नापाक चीज खा पी के अपना के असुद्ध नईखे बना सकत। पान तमाकू या नीसावाला दवाई खा पी के ऊ आपन पैसा या देह ना बरबाद करे। एकरा बदला में ऊ सरीर के ताकत देबे वाला चीझ सब खाला। ओकर हिरदया अब पराथना से मंदिल बन गईल बा। ऊ भगती के साथ बराबर गिरजा में पूजा करे जाला। ई खुलल किताब बतावता कि बैबल धरम सासतर ऊ बराबर रोज पढ़त रहेला। एह से ओकरा बुद्धी सामरथ आउर जीवन के रोसनी जैसन अनंत धन मिलत रहेला। अब ई किताब जे ओकरा गोड़ के लगे देखाई देता ओकरो रस्ता में दिया के काम करता, और दुसमन के मारे में तलवार के काम देता। बैबल के बचन ओकरा रोज रोज के आतमिक भोजन-पानी बन गईलबा जेकरा बिना ऊ नईखे जी सकत। बैबल के बचन ओकरा खातिर पवित्तर जल बन गईल बा जेकरा में ऊ रोज नहा धोआ के साफ भईल करेला। ई अब ओकरा खातिर दरपन के काम करता जेकरा में ऊ रोज अपना के (अपना हिरदया आउर मन के) देखेला,

जांच करत रहेला कि कही कोनो खाराबी ओकरा मन आउर हिरदया में ना सामाए ।

अब ऊ खूब प्रेम के साथ अपना क्रूस ( संजमी जीवन ) के उठा के चल सकता, काहे कि ओकरा मालूम हो गईल बा कि बिना क्रूस के ढोवले सरग राज में मुकुट ना मिल सके । ऊ अपना परमेसवर से मिले खातिर एकदम तैयार रहता । ओकर जीवन ओह के समान बा जे पानी के लगे रोपल गईल होखे आऊर जे अपना समय पर जरुर फरी । ओकरा अब मौत के डर नइखे काहे कि परमेसवर के पक्का प्रेम ओकरा मन में बेयाप्त गईल बा ।

## दसवाँ तस्वीर

Copyright ANGP

यीसु के बचन ह कि "मोक्ष आऊर जीवन हमहीं हईं, जे हमरा पर विसवास करी, ऊ मरला पर भी जीन्दा रही । "जे केहु एह जिनगी में हमरा बचन सुनी और सुन के हमरा के भेजेवाला ( ईसवर पिता ) के ईयाद करत रही, ओकरा अनंत जीवन मिली आउर ओकरा सजाय भोगे के हुकुम ना मिली, ऊ मौत के पार जीवन में समा जाई" ( युहन्ना ५ : २४ ) । मसीही लोग खातिर मौत के कोनो डर नईखे । "बिजय मौत के ढाँप देले बा । हे मौत, तोहार जीत कहाँ भईल ? हे मौत तोहार डंक कहाँ गईल ? ' 'हमनी का परमेसवर के धनवाद होखे जे हमनी के प्रभु यीसु मसीह के द्वारा हमनी के विजयी बनावेला" ( १ करि० १५ : ५४-५७ ) ।

ऊ आदमी जे परमेसवर के साथे जियेला और चलेला ऊ मौत से ना डेराए । जब ओकरा ई संसार छोड़े के बेरा आवेला तब ऊ आनन्द के साथे जाला जैसन कि संत पौलुस कहलेबाड़न कि, "जीव चाहता है कि हम विदा होके परमेसवर के पास चल के रही काहे कि ऊ बहुत अच्छा बाड़न ( फिली १ : २३ ) । एगो मसीही का मन में बराबर ई इच्छा रहेला कि ऊ यीसु

मसीह के चेहरा देखे जे ओकरा खातिर जान देलस और क्रूस पर चढ़ के ओकर उद्धार कईलस। पबित्तर आतमा भी एक मसीही के परमेसवर के



चित्र नं० १०—महीमा के साथे सरग जाता

ई बचन ईयाद करावत रहेला—'तूं अपना मन के बेयाकुल मत होखे द, तूं परमेसवर पर विसवास राखेल—हमरो पर विसवास राख" (युहन्ना १४:१)।

परमेसवर, स्रोकरा से जे प्रेम करेला ग्रोकरा खातिर अईसन अईसन चीझ उहां बनवले बा जे कबहो केहु नां आख से देखेलेवा ना मन में सोच सकल बा।" (करि० २:९)।

एह आखीरो तस्वीर में, भयानक मिरतू के बदला में एगो सरग दूत देखाई देता। ऊ एह धरमी ठहरावल गईल आदमी के ग्रातमा के परमेसवर के पास ले जाए खातिर ठहरल बा। परमेसवर के सामने गईला पर एह ग्रादमी के खूब खुशी के साथ स्वागत कईल जाल—जहां ओकर प्रभु प्यार के साथ ई कहके भेंट करी कि "धन बाड़ तूं हे हमार विसवासी दास, तूं थोड़ही में विसवास कईल और विसवास में बनल रहल, अब अपना स्वामी का आनंद में हिस्सा ल"—(मत्ती २५:२१)। सैतान के जोर अब आउर आगे ग्रोकरा पर ना रह गईल काहे कि "यहोवा के नजर में अपना भगत सब के मिरतू ग्रनमोल चीज ह" (भजन सं० ११६:१५)। ग्राउर हम सरग से ई बात सुनली कि लिख द "जे मुरदा प्रभु में मरेला ऊ सब दुसर चीज वाड़न आतमा कहता, हां काहे कि ऊ ग्रपना मेहनत से विसवास पइहें आउर उनकर काम उनका साथे जाई" (प्रकाशित वाक्य० १४:१३)।

## ग्राखीरी उपदेस

प्यारे पाठक लोग, परमेसवर रउरा लोग के सहायता करे कि रउरा सभ ग्रापन हिरदया ओकरा के दीं जे रउरा के प्यार करता, आउर कहता: "हे पुत्र (मेरी पुत्री) आपन मन हमरा ग्रोर लगाव "हमरा के द"। (नीति ब० २३:२६)। रउरा आपन हारल थकल मन के प्रभु यीसु मसीह के दे दीं ग्राउर ऊ रउरा भीतर नया ग्रातमा आउर नया हिरदया बना दी। अपना मन से रउरा ग्रपने धोखा मत खाईं ग्रोर ग्रोकरा मन ग्रोर इच्छा से मत चलीं, काहें कि वे अपना ग्राप पर भरोसा कके चलेला ऊ मुरूख ग्रादमी ह, आउर जे बुद्धि से चलेला ऊ बांचे ला" (नीति बचन २८:२६)।

Copyright ANGP

रउरा आपन पाप के तेआग दीं आउर परमेसवर के धरम से मिल के चलीं, "काहे कि पाप के फल त मिरतू ह बाकी परमेसवर के बरदान हमनी का यीसु मसीह के साथ अनंत जीवन बा" (रोमी ६:२३)।

आउर रउरा, जे कि अब अपना जीवन के परमेसवर के सौंप चुकलबानी ओह सब बात के जे रउरा हमरा से सुन चुकल बानी, आपन पहिला धरम मान के प्रेम आउर विसवास के साथे, जे कि प्रभु यीसु मसीह में बा, चलीं आउर ओकरा के आखिर समय तक निबाहीं" ई एह कारन से कि पोलुस (प्र० २ तिमो० १:१२) में बतवले बाड़न, काहे कि हम जेकरा के परतिज्ञा कईले बानी ओकरा के जानतानी आउर हमरा विसवास बा कि ऊ हमार थाती के ओह दिन तक रखवारी क सकेला। एह परम पबित्तर विसवास में अपना के सुधार के पबित्तर आतमा से पराथना करीं, अपना के परमेसवर का प्रेम में बनवले राखीं आउर आपन निगाह बराबर यीसु का ओर राखी जेकरा में राउर सब कुछ बा, रास्ता, सत के निबाह आउ जीवन आउर हमार प्रेम बहुत जल्दी अपना लोग के फेर से ले जाए खातिर आवे वाला बा"—ई वचन ईसवर देले बाड़न।—"यीसु मसीह, जे राजा लोग के भी महाराजा प्रभु लोग के महा प्रभु ह" फेर से आई आउर अपना विसवासी लोग के अपन साथे ले जाई।

"अब जे तोहरा लोग के ठोकर खाए से बचा सकेला, आउर अपना भरपूर महिमा के कारन निरदोस बना के खड़ा क सकेला, ओह एक मात्र परमेसवर हमनी के उद्धार करनिहार के महिमा आउर गौरव आउर पराक्रम आउर अधिकार प्रभु यीसु मसीह के दोबारा जैसन सनातन काल से बा, अबहीओं और जुग जुग रहे। आमीन।" (यहुदा २४:२५)।

—०—

---

अनुवादक:—श्री ए० बी० सहाय

**A SPECIAL WORD FROM ANGP**

**UN MONDE SPÉCIAL DE L'ANGP**

**UMA PALAVRA ESPECIAL DA ANGP**

**This booklet "The Heart of Man" is available in over 538 languages and dialects spoken throughout the world (Africa, Asia, The Far East, South America, Europe, etc.) Our Heart Book is now also available on cell phones, tablets, etc from www.angp-hb.co.za or as an APP "Heart of Man" on Android phones.**

**Le livre du "Coeur de l'homme" peut etre obtenu en plus de 538 langues et dialectes parles dans le monde entier, a savoir: Afrique, Amerique, Asie, Extreme Orient, Europe. Notre Livre du Coeur est maintenant aussi disponible sur votre Telephone cellular, plaques, etc. de www.angp-hb.co.za ou comme une Application "Heart of Man" sur telephones Android.**

Copyright ANGP

**Este livro "O Coracao do Homem" e obtído em mais de 538 linguas e dialectos falados em todo o mundo, a saber: (Africa, Asia, America do Sul, Extremo Oriente, Europa, etc). O nosso Livro O Coração do Homem tambem esta agora disponivel em telefone celular, tablets, etc. de www.angp-hb.co.za ou como um aplicativo "Heart of Man" nos telephones celulares Android.**

**The 10 heart pictures contained in this booklet are also available in the form of large coloured picture charts (86 x 61cm) bound together in a set of 10 pictures. These "Heart Charts" can be obtained with European or African features and are particularly suitable to be used in conjunction with the Heart Book for class-teaching, open air evangelization etc. Kindly contact us to ascertain the latest subsidized price of this chart.**

**Les 10 images du coeur qui figurent dans ce livre peuvent etre obtenues en tableaux de couleur, format 86 x 61 cm, avec des physionomies europeennes ou africaines. Ils peuvent etre utilises en meme temps que le livre du coeur pour des classes bibliques, a**

l'ecole du dimanche ou lors de reunions de plein air. Soyez aimable de nous contacter pour assurer les derniers prix en cours du tableau.

As 10 imagens do coracao, contidas neste livro podem ser obtidas num conjunto de 10 imagens em colorido no tamanho de (86 x 61 cm). Estes "Cartazes do Coracao podem ser obtfdos com caracterfsticas Europeias e Africanas e podem ser usados em conjuncao com o mesmo livro em classes de ensino biblico, evangelizacao ou ao ar livre. Agradeciamos que nos contacta- se para confirmacao do ultimo preco dos cartazes.



Copyright ANGP

Kindly write to us if you are able to assist us with further translations of our free Gospel literature, informing us of the language into which you could translate this Gospel literature. Your assistance would be appreciated.

If you have found salvation in Christ, or have been otherwise blessed through our Gospel literature, please let us know. We would like to thank God with you, and remember you further in our prayers.

Nous vous invitons a nous contacter pour faire des arrangements concernant de nouvelles traductions de notre litterature, nous informant de la langue dans laquelle vous pouvez traduire cette litterature evangelique. Votre aide sera beaucoup appreciee.

Si vous avez trouve le salut en Christ ou si vous avez ete beni par notre litterature, nous vous prions de nous le faire savoir. Nous aimerions remercier Dieu avec vous et prier pour vous.

Nos vos convidamos a nos contactar, afim de fazer qualquer arranjo concernente a novas traducoes de nossa literatura em outras Ifnguas. Vossa assistencia sera muito apreciavel.

Se tem encontrado a salvacao em Cristo, ou se tem sido abencoado por intermedio da nossa literatura evangelica, faca o favor de nos

informar. Pois nos gostarfamos de agradecer a Deus juntamente convosco, e lembra-lo sempre em nossas oracoes.

For free Gospel literature, books and tracts in over 538 languages, write to:

Pour obtenir gratuitement de la litterature evangelique, des livres et des traites en plus de 538 langues, ecrivez a:

Para obter gratuftamente a literatura evangelica, livros e folhetos em mais de 538 lfnguas diferentes escreva para:

E-MAIL: info@angp-hb.co.za
info@angp.co.za

**ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS**
**P.O. Box 2191**
**PRETORIA**
**0001**
**R.S.A.**

Copyright ANGP

A Gospel Literature Mission financed by donations
Une Mission de litterature evangelique financee de dons
Missao de literatura Evanqelica financiada por donativos

(Reg. No. 1961/001798/08)